



PEMERINTAH DAERAH KOTA CIMAHI
DINAS PENDIDIKAN
SD NEGERI CIBEER MANDIRI 2

Jln. Pengkolan No. 29 Cibeber Cimahi Selatan Kota Cimahi Telp. 022-6674960



PENILAIAN AKHIR SEMESTER (PAS) I T.P. 2021/2022

Tema/ Mata Pelajaran : Bahasa Sunda Nama :
Kelas/ Semester : 6/1 Hari/tanggal :

Pek baca teks di handap ieu!

Globalisasi

Istilah globalisasi mimitina dipopulerkeun ku Theodore Levitt dina taun 1983. Dina mangsa harita, Theodore nulis artikel bisnis anu judulna “Globalisasi Pasar”. Theodore teh ahli ekonomi bangsa Amerika turunan Jerman.

Globalisasi teh hal anu abstrak. Abstrak hartina teu bisa katingali wujudna, teu bisa kapireng sorana, tapi pangaruh jeung akibatna bisa karasa. Globalisasi bisa dihartikeun proses ngaronjatna hubungan internasional antarnagara di sakuliah dunya. Ku ayana globalisasi sumebarna barang jeung gagasan beuki gampang. Globalisasi ngalantarankeun hiji nagara bakal silih pikabutuh ku ayana globalisasi. Dina globalisasi, budaya antarnagara silih pangaruhan. Sakumna aspek kahirupan kapangaruhan ku ayana globalisasi.

1. Istilah *globalisasi* mimitina dipopulerkeun ku
2. *Globalisasi* teh hal anu
3. Ku ayana globalisasi, barang jeung gagasan beuki
4. Naon harti globalisasi?
5. Kusabab ayana globalisasi, naon anu silih pangaruhan antarnagara teh?

Susun kecap- kecap di handap jadi kalimah anu merenah!

6. ngalantarankeun- kamajuan- teknologi *informasi*- globalisasi

-
7. telepon- pesawat- di unggal- kantor- aya

-
8. buku- aya- salian ti- digital- buku- oge- citak

-
9. make- sistim operasi- HP Tete- android

-
10. smartphone- hayang- kuring- ulaheun- ku- bapa- tapi

Cakra (x) jawaban anu pang benerna!

11. Kecap rundayan di handap nu make rarangken –ar- nyaeta
a. pinasti b. gareulis c. kumpulan d. karasa
12. keur- teh – gumading- meujeuhna- gedang
Susunan kalimah nu benerna
a. Gedang teh keur meujeuhna gumading.
b. Teh gumading keur meujeuhna gedang.
c. Keur meujeuhna teh gedang gumading
d. Gedang keur meujeuhna gumading teh.
13. Cing pangmeundeutkeun panto
Ahir kalimah diluhur kuduna make tanda baca
a. ! b. ? c. “” d. ,
14. Tanda baca anu dipake dina akhir kalimah pananya nyaeta
a. ? b. ! c. . d. ,
15. Bade . . . ka mana atuh?
Kecap nu luyu keur ngalengkepan kalimah di luhur nyaeta
a. arangkat b. diangkat c. ngangkat d. kaangkat
16. Kecap **bakating** asalna tina kecap bakat ditambah rarangken tukang
a. ning b. ting c. ar d. um

17. Karangan anu eusina ngajentrekeun bener henteuna hiji perkara dumasar kana alesan anu kuat disebut
- karangan deskripsi
 - karangan pondok
 - karangan argumentasi
 - karangan sambung
18. Bu Nani moe kurupuk.
Kalimah di luhur lamun dirobah jadi kalimah pasif nyaeta
- Kurupuk moe Bu Nani
 - Kurupuk dipoe ku Bu Nani
 - Bu Nani dipoe kurupuk
 - Kurupuk moe ku Bu Nani
19. Kekembangan dicebor ku Asih.
Kalimah di luhur kaasup kalimah
- aktif
 - pasif
 - barang
 - sifat
20. Istilah tina basa Sansekerta nu hartina rupa- rupa, beda- beda nyaeta
- kabhinekaan
 - seler bangsa
 - kaunggel
 - sabeungkeutan
21. Teks anu medar tokoh pinunjul, ngajentrekeun identitas, riwayat kalahiranana, riwayat atikanana, prestasina, jasa- jasana, jeung sajabana disebut
- Biografi
 - Carita pondok
 - komik
 - novel
22. Kecap di handap nu kaasup istilah teknologi nyaeta
- buku tulis
 - android
 - koran
 - patlot
23. Hasil prakarya teh . . . ku Ibu Guru.
Kecap ragam basa hormat nu luyu jeung kalimah di luhur nyaeta. . . .
- ditingali
 - katingali
 - ditingal
 - ningal
24. Pun aki nuju dahar sareng lotek Ceu Esih.
Kecap nu digurat teh lepat, ragam basa hormat nu pantesna
- neda
 - makan
 - nyatu
 - tuang
25. Bapa . . . lilin di warung Bi Titin.
Kecap ragam basa hormat nu luyu pikeun ngalengkepan kalimah di luhur nyaeta
- meuli
 - meser
 - ngagaleuh
 - beli
26. Karangan anu eusina ngeberehkeun hasil panempo, panguping, pangrasa, panyabak, jeung pangambeu disebutna
- karangan deskripsi
 - karangan argumentasi
 - biografi
 - carita pondok
27. Kandaraanana kapal terbang.
Kalimah di luhur disebutna kalimah
- barang
 - pagawean
 - pasif
 - aktif
28. Kecap globalisasi asalna tina *globalization* nyaeta kecap serepan tina basa
- arab
 - belanda
 - jepang
 - inggris
29. sentul- buah- teh- lokal
Susunan kalimah di luhur kuduna
- sentul teh buah lokal
 - lokal teh buah sentul
 - teh sentul buah lokal
 - buah sentul teh lokal
30. Kapal terbang kiwari make *teknologi avionik* moderen.
Dina kalimah di luhur, kecap nu kaasup istilah teknologi nyaeta
- kiwari
 - teknologi avionik
 - moderen
 - kapal